

Brown University Health

Rezime Avi sou Pratik Konfidansyalite yo

Gade Avi sou Konfidansyalite ki anekse a pou plis detay

Brown University Health ak patnè li yo gen obligasyon dapre lwa federal pou yo bay yon Avi sou Konfidansyalite ki dekri kijan enfòmasyon medikal ak swen sante nou genyen sou ou ka itilize oswa divilge. Enfòmasyon sou sante ki pwoteje ou yo konfidansyèl. Avi a dekri chak itilizasyon ak divilgasyon nou gen dwa fè, dwa w yo, ak obligasyon nou selon lalwa.

Itilizasyon ak Divilgasyon yo:

Nan plizyè sikonstans, nou ka itilize enfòmasyon medikal ou yo san ou pa bay otorizasyon avan. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon sa yo pou:

- Ba w tretman,
- Asire ou resevwa bon jan kalite swen,
- Bay bòdwo epi kolekte peman pou sèvis yo te ba ou, oswa
- Rapòte yon maladi kontajye, vyolans domestik oswa aktivite kriminel.

Nan lòt senaryo, nou ka itilize enfòmasyon medikal ou yo, men ou gen opòtinite pou fè objeksyon. Pa egzanp, sof si ou fè objeksyon:

- Anyè lopital la ap genyen enfòmasyon limite sou ou tankou nimewo chanm lopital ou, oswa
- Nou ka divilge enfòmasyon sou kondisyon sante w, jan lalwa pèmèt, bay fanmi ak zanmi ki patisipe nan ba w swen oswa ki ede peye pou swen ou.

Egzanp sa yo se sèlman pou ilustrasyon. Pou deskripsyon konplè yo gade avi ki anekse a. Anplis de sa, enfòmasyon medikal ki asosye ak tretman pou twoub akòz itilizasyon sibstans pral gen pwoteksyon adisyonèl, epi yo ka mande w konsantman pou sèten itilizasyon ak divilgasyon.

Dwa Ou yo:

Malgre ke dosye nou kenbe yo se pou nou, ou gen yon kantite dwa konsènan enfòmasyon ki nan dosye sa yo. Pa egzanp, ou gen dwa pou:

- Koriye, men pa efase, enfòmasyon an
- Chwazi ki kote ak ki jan yo voye enfòmasyon yo ba ou
- Jwenn yon lis divilgasyon okasyonèl ki fèt sou enfòmasyon sa yo.

Tout dwa sa yo sijè a kèk eksepsyon ki dekri nan avi ki anekse a.

Obligasyon Nou yo:

Nou oblije ba ou Avi sou Konfidansyalite nou an epi respekte kondisyon li yo. Nou ka modifye avi a tanzantan. Nou rezève dwa pou aplike avi ki modifye oswa ki chanje a pou enfòmasyon medikal nou deja genyen sou ou ansanm ak nenpòt enfòmasyon n ap resevwa alavni.

Aprè w fin revize avi a, si w gen nenpòt kesyon oswa si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele Ofisye anchaj Konfidansyalite ke lopital afilye a deziyen nan nimewo telefòn yo bay pi ba a oswa kontakte Ofisye anchaj Konfidansyalite Sante nan Brown University Health a.

Rhode Island Hospital	401-444-4560
The Miriam Hospital	401-793-7402
Brown Health Medical Group	401-444-4728
Newport Hospital	401-845-1152
Emma Pendleton Bradley Hospital	401-432-1129
Gateway Healthcare, Inc.	401-667-6557
Brown University Health Privacy Officer	401-444-4728
The Autism Project	401-667-6557
RIH Ventures	401-444-4728
Brown University Health Pharmacy	401-444-4728
Radiosurgery Center of RI, LLC	401-444-4728
Brown Health Medical Group Primary Care	401-421-4000
Saint Anne's Hospital	508-674-5600
Morton Hospital*	508-828-7000
Brown Health Medical Group – MA	401-793-7402

*Se Morton Hospital tou ki kenbe dosye medikal pou sèvis ke Norwood Hospital, Norwood, MA founi yo.

Brown University Health

Avi Komen sou Konfidansyalite

AVI SA A DEKRI KI JAN ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU YO KAPAB ITILIZE AK DIVILGE AK KI JAN OU KA JWENN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A. TANPRI LI AVI SA A AK ANPIL ATANSYON.

Avi sa a dekri kalite enfòmasyon medikal nou kolekte sou ou (oswa pitit minè w la oswa depandan ou), ak ki moun yo ka pataje enfòmasyon sa yo, ak pwoteksyon nou mete anplas pou pwoteje li. Ou gen dwa pou mande pou yo kenbe enfòmasyon sou swen sante w yo konfidansyèl. Si w gen nenpòt kesyon sou avi sa a, tanpri kontakte Ofisye anchaj Konfidansyalite Sante nan Brown University Health la oswa youn nan Ofisye anchaj Konfidansyalite ki Afilye a Brown University Health nan nimewo telefòn ak/oswa nan adrès ki endike nan fen avi sa a.

1. **Kiyès Nou Ye?**

Avi sa a dekri pratik sou konfidansyalite nan etablisman Sistèm Swen Sante Brown University Health ("Brown University Health"), ansanm ak pwofesyonèl swen sante ak lòt moun, tankou doktè ak enfimyè yo ansanm ak pèsonel ki ede yo bay swen, ki bay sèvis nan etablisman Brown University Health epi ki te dakò pou swiv avi sa a. Nou kwè ke li nan pi bon enterè swen pasyan yo pou estandadize pratik sou konfidansyalite pou tout pwofesyonèl swen sante k ap patisipe nan òganizasyon swen sante Brown University Health, ansanm ak antite Brown University Health ki idantifye anba a:

Rhode Island Hospital
Hasbro Children's, A Division of Rhode Island Hospital
The Miriam Hospital
Brown Health Medical Group
Newport Hospital
Emma Pendleton Bradley Hospital
Gateway Healthcare, Inc.
Brown Health Medical Group Primary Care
The Autism Project
RIH Ventures
Brown University Health Pharmacy
Radiosurgery Center of RI, LLC
Saint Anne's Hospital
Morton Hospital
Brown Health Medical Group – MA

2. Angajman nou Konsènan Enfòmasyon sou Sante Pwoteje

Nou konprann ke enfòmasyon sou sante pwoteje, ke yo refere souvan kòm enfòmasyon medikal ak ki gen rapò ak swen sante, sou ou yo pèsònèl epi yo dwe rete konfidansyèl. Nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon sa a.

Nou kreye epi kenbe yon dosye sou swen ak sèvis ou resevwa nan men nou ak lòt òganizasyon ki enplike nan ba w swen. Enfòmasyon sa a gen ladann enfòmasyon medikal ak enfòmasyon pèsònèl idantifyab ke nou itilize pou ba ou bòdwo pou swen ou resevwa yo. Brown University Health bezwen dosye sa a pou ba w bon jan kalite swen epi pou l konfòme l ak sèten kondisyon legal. Nou estoke epi jere enfòmasyon sou sante pwoteje w yo prensipalman nan dosye sante elektwonik nou an, byenke nou kapab tou estoke ak jere kèk nan enfòmasyon sou sante pwoteje w yo nan fòm papye sèlman.

Avi sa a pral fè w konnen fason Brown University Health itilize ak divilge enfòmasyon sou sante pwoteje ki konsène w. Li pral dekri tou dwa w yo ak sèten obligasyon nou genyen konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sa yo. Brown University Health itilize epi divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo an akò ak lwa eta a ak lwa federal ki aplikab yo. Nan ka lwa eta yo gen plis restriksyon pase lwa federal yo, n ap respekte lwa eta ki gen plis restriksyon yo.

Lalwa egzije nou pou:

- Kenbe enfòmasyon sou sante pwoteje w yo konfidansyèl;
- Enfòme w sou obligasyon legal nou yo ak pratik sou konfidansyalite nou yo;
- Notifye w si w afekte pa yon vyolasyon sou enfòmasyon sante ki pa sekirize; epi Respekte kondisyon ki nan avi ki an vigè a.

3. Kijan Nou Ka Itilize Ak Divilge Enfòmasyon Sou Sante Pwoteje Ki Konsène W

Kategori sa yo dekri ak bay egzanp sou diferan fason nou otorize oswa oblije itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ki pwoteje w yo san nou pa mande w pèmision ou alavans oswa ba w yon opòtinite pou aksepte oswa refize. Sepandan, si w ap patisipe nan youn nan pwogram Brown University Health ki gen asistans Federal pou adrese pwoblèm itilizasyon sibstans ("SUD"), enfòmasyon ki ka idantifye pasyan ou a pral resevwa kèk pwoteksyon anplis, epi yo ka mande w pou bay konsantman w pou kèk nan itilizasyon ak divilgasyon ki mansyone nan seksyon sa a.

- A. Enfòmasyon Sante Depèsonalize** - Nou gendwa divilge enfòmasyon sou sante ki pwoteje w yo san pèmision w si nou “depèsonalize” li anvan pou moun k ap gade l la p ap konnen ke li gen rapò ak ou.

- B. Pou Tretman** – Nou itilize enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou bay, kowòdone ak jere swen sante ou. Sa gen ladann divilge enfòmasyon sou sante pwoteje ki konsène w bay doktè, enfimyè, teknisyen oswa lòt pwofesyonèl swen sante k ap pran swen w, kit yo anplwaye pa Brown University Health ou pa. Pa egzanp, yon doktè k ap trete w pou yon janm kase ka bezwen konnen si w dyabetik, paske si ou dyabetik sa ka ralanti pwosesis gerizon an.
- C. Pou Peman** – Nou itilize enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou nou bay bòdwo epi kolekte peman nan men ou, konpayi asirans ou, oswa yon tyès pati pou sèvis ou resevwa yo. Pa egzanp, konpayi asirans ou an ka bezwen konnen ki kalite operasyon ou te fè pou yo peye nou kòm sadwa. Si w chwazi pran tout responsablite finansye pou sèvis w ap resevwa yo epi ou peye bòdwo w la alè, n ap aksepte demann ou a pou nou pa voye yon bòdwo bay konpayi asirans ou a.
- D. Pou Objektif Jesyon Swen Sante** – Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou sipòte jesyon òganizasyon nou an, tankou pou fè aktivite sou evalyasyon kalite, fòm pwofesyonèl swen sante, oswa fè aranjman pou sèvis legal. Sa nesèsè pou asire ke tout pasyan nou yo resevwa bon jan kalite swen. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou evalye pèfòmans anplwaye nou yo.
- E. Asosye Biznis yo** – Nou ka divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo bay asosye biznis nou yo ki bay sèvis oswa fè aktivite nan non nou. Pa egzanp, nou ka fè kontra avèk ajans akreditasyon yo, konsiltan nan domèn jesyon yo, evalyatè pou kontwòl kalite yo, sèvis bòdwo yo ak sèvis rekouvremant yo ak kontab yo. Pou pwoteje enfòmasyon sou sante w, nou mande pou asosye biznis nou yo siyen yon akò alekri konsènan pwoteksyon yo pral aplike pou pwoteje konfidansyalite dosye nou yo ki nan posesyon yo.
- F. Jan Lalwa Egziye sa** – Nou divilge enfòmasyon sante pwoteje ki konsène w lè lwa federal, lwa eta oswa lwa lokal yo egzije pou nou fè sa.
- G. Rapèl pou Randevou** – Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou kontakte w epi fè w sonje randevou w genyen pou w pran swen sante ak youn nan antite Brown University Health nou yo.
- H. Altènatif pou Tretman, Avantaj ak Sèvis yo** – Pandan n ap ba w tretman, nou ka itilize enfòmasyon sou sante w pou kontakte w konsènan aktivite sou pwomosyon sante, sansibilizasyon sou maladi yo oswa jesyon ka. Nou ka itilize enfòmasyon sou sante pwoteje w yo tou pou fè w konnen oswa rekòmande w opsyon tretman ki posib yo, avantaj ki gen rapò ak sante yo oswa sèvis ki ka enterese w yo. Sepandan, si yon tyès pati peye nou yon konpansasyon finansyèl an echanj pou nou voye kalite komunikasyon sa yo ba ou, n ap mande otorizasyon w davans.
- I. Leve Fon** - Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon demografik ou ak dat ou resevwa tretman pou nou kontakte ou pou leve fon nou an. Chak lopital afilye nou

yo te etabli yon fondasyon pou sipòte edikasyon siperyè k ap fè leve fon pou mande don. Ou gen dwa pou refize resevwa kalite kominikasyon sa yo alavni lè w swiv enstriksyon ki nan kominikasyon pou leve fon nou yo.

- J. Pou Evite yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite** - Nou ka divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo lè sa nesèsè pou evite yon menas grav ak iminan pou sante w ak sekirite w oswa sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun. Nou , ka divilge enfòmasyon sou sante ki pwoteje bay lapolis tou nan sèten ka.
- K. Aktivite pou Sante Piblik la** – Nou ka divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo bay otorite ki konsène yo pou satisfè bezwen sante piblik la, ki gen ladann, men pa sèlman, prevansyon oswa kontwòl maladi, blesi oswa andikap; pou rapòte abi oswa neglijan sou timoun; bay Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou aktivite ki gen rapò ak kalite, sekirite, oswa efikasite pwodwi oswa aktivite ki reglemante pa FDA. Nou gendwa divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo tou pou objektif sante piblik la pou avèti yon moun ki gendwa trape oswa pwopaje yon maladi kontajye.
- L. Divilgasyon Konsènan Viktim Abi, Neglijan oswa Vyolans Domestik** – Nou ka divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w la nan yon sitiyasyon kote nou kwè ke ou te viktim abi, neglijan oswa vyolans domestik. Nan kèk ka, lalwa ka oblije nou divilge enfòmasyon sa yo. Nan lòt ka, nou ka pa oblije divilge enfòmasyon yo, men nou ka chwazi divilge yo bay otorite ki konsène yo oswa founisè sèvis sosyal yo pou pou evite mal pou tèt ou oswa yon lòt moun. Si sa posib, n ap mande w pèmasyon w anvan nou fè divilgasyon an, oswa n ap di w pi vit posib apre nou fè l.
- M. Donasyon Ògàn ak Tisi** - Si ou se yon donè ògàn, nou ka divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo bay òganizasyon ki kolekte ògàn, je oswa tisi pou donasyon ak transplantasyon.
- N. Divilgasyon ki Limite pou Objektif Rechèch oswa Objektif ki Mennen nan Rechèch** - Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo nan Brown University Health jan sa nesèsè pou prepare etid rechèch yo. Pa egzanp, yon chèchè ka revize enfòmasyon sou sante pwoteje w yo lè l ap reflechi sou kòman pou l fè yon etid rechèch, oswa pou l kontakte w pou mande w si w ta renmen patisipe nan yon etid. Epi tou, apre lanmò yon pasyan, li posib ke enfòmasyon sou sante ki pwoteje li yo ka itilize pou rezon rechèch si omwen senkant ane pase depi lanmò pasyan an. Nan pifò lòt ka yo, nou p ap itilize enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou rezon rechèch sof si nou esplike w rechèch la anvan epi w dakò pou w patisipe nan rechèch la epi w ban nou pèmasyon pou n itilize enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou rechèch la. Men, nan kèk ka, nou ka itilize enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou rechèch san pèmasyon ou. Pou fè sa, enfòmasyon ou yo ta dwe pasyèlman depèsonalize dapre nòm legal yo, oswa yon komite ki gen moun ki konpetan nan rechèch, konfidansyalite ak etik medikal ta dwe deside ke itilizasyon enfòmasyon ou

yo nesesè pou pwojè rechèch la epi li prezante sèlman yon ti risk pou ou ak vi prive ou.

- O. Sekirite Nasyonal ak Militè** - Nou ka divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo bay ofisyèl federal ki otorize yo pou sekirite nasyonal ak lòt aktivite entelijans, tankou bay sèvis pwoteksyon pou Prezidan an ak lòt ofisyèl yo. Si ou se yon manm fòs lame a, nou ka divilge enfòmasyon sou ou si otorite militè yo egzije sa.
- P. Konpansasyon Travayè** - Nou gendwa divilge enfòmasyon sou sante pwoteje ki konsène w pou resevwa konpansasyon travayè oswa menm kalite pwogram ki bay avantaj pou blesi oswa maladi ki rive nan travay.
- Q. Pwosedi Legal** - Nou ka divilge enfòmasyon ki pwoteje sou sante w pandan yon pwosedi legal si yon tribinal oswa yon jij bay lòd pou nou divilge enfòmasyon an, oswa an repons a yon asiyasyon oswa yon manda valab (ak espesifik, nan ka dosye SUD yo) ki te emèt pa yon tribinal, yon tribinal administratif oswa yon ofisye nan yon tribinal.
- R. Aplikasyon Lalwa** - Nou ka divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo bay yon ajan fòs de lòd pou fè aplike lalwa nan sikonstans sa yo: (1) jan lalwa pèmèt oswa mande, oswa an repons a sèten kalite lòd tribinal, manda, asiyasyon, demann fòmèl, rekèt, oswa lòt pwosesis legal; (2) si ajan fòs de lòd la bezwen enfòmasyon limite sou ou paske li gen rezon pou kwè ke ou poze yon danje pou tèt ou, pou yon moun an patiklye oswa plizyè moun, oswa si w ap eseye jwenn dwòg ilegalman; (3) si yo kwè ou te viktim yon zak kriminèl, byenke nou pral eseye diskite sa avèk ou anvan nou fè divilgasyon an; (4) nan objektif pou idantifye oswa jwenn yon sispèk, yon fijitif, yon temwen enpòtan, oswa yon moun ki disparèt; (5) si ou te mouri epi nou kwè lanmò ou te koze pa yon zak kriminèl; (6) si yon krim rive nan Brown University Health epi nou kwè enfòmasyon sou sante pwoteje w yo se prèv pou krim lan; epi (7) nan yon sitiyasyon swen sante ijan si sa nesesè pou rapòte yon krim.
- S. Doktè Lejis, Egzaminatè Medikal ak Direktè Ponp Finèb yo** – Nou ka divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo bay yon doktè lejis oswa yon egzaminatè medikal. Sa a ka nesesè, pa egzanp, pou idantifye yon moun ki mouri lè yo detèmine kòz lanmò a. Apre lanmò pasyan an, nou ka oblije bay direktè ponp finèb yo yon ak desè estanda ki gen ladann sèten enfòmasyon sou sante pwoteje yo.
- T. Sipèvizyon Sante** – Nou ka divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo bay ajans gouvènmantral yo ki otorize dapre lalwa pou fè odit, enspekte oswa envestige sou sistèm swen sante a, sou pwogram avantaj gouvènman yo, sou lòt pwogram gouvènman yo ak sou lwa dwa sivil yo.
- U. Prizonnye** – Si w se yon prizonnye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba gad yon ajan fòs de lòd, n ap divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo sèlman jan lalwa pèmèt.

V. Kesyon Konsènan Kapasite pou Bay Konsantman – Nan sitiyasyon kote ou pa gen kapasite pou bay konsantman w, nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo jan règleman aplikab Brown University Health yo ak lalwa pèmèt.

W. Echanj Enfòmasyon Sante (yo) – Nou ka patisipe nan sèten Echanj Enfòmasyon Sante (HIE) kote nou ka pataje, mande epi resevwa enfòmasyon sou sante w jan lalwa pèmèt sa, avèk oswa nan men lòt pwofesyonèl swen sante oswa antite pou tretman, peman oswa pou jesyon swen sante. Sepandan, ou ka chwazi pou pa pataje enfòmasyon ou yo atravè HIE nou an (sa vle di, "refize") nenpòt ki lè. Si w gen nenpòt kesyon oswa ou ta renmen refize pataje enfòmasyon ou yo ak HIE nou yo, kontakte Biwo Konfidansyalite Brown University Health, ki endike nan Seksyon 8. Tanpri sonje ke si w chwazi pou w refize pataje enfòmasyon ou yo men pita ou deside pataje yo, nenpòt enfòmasyon ki te deja limite akòz demann ou an pral yon lòt fwa ankò echanje epi aksesib nan HIE sa a.

4. Lòt Itilizasyon oswa Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pwoteje w yo

Tout lòt itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pral fèt sèlman avèk otorizasyon alekri w, konsantman w, oswa apre yo te ba w opòtinite pou fè objeksyon epi w te chwazi pa fè objeksyon. Si ou otorize oswa dakò ak yon itilizasyon ak divilgasyon kounye a, ou ka chanje lide pita. Si w chanje lide, ou dwe fè nou konnen alekri. Si ak lè ou anile otorizasyon w lan, n ap sispann itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ki pwoteje w yo an akò ak otorizasyon alekri w la nan mezi ke li posib. Ou konprann ke nou pa ka anile divilgasyon nou te deja fè epi ke nou oblije konsève dosye nou yo sou swen nou te ba ou a.

Pou sèten enfòmasyon ki gen rapò ak sante, ou ka di nou chwa w yo sou sa pou nou pataje. Si ou gen yon preferans klè sou fason pou nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon ki dekri anba a, tanpri fè nou konnen epi n ap suiv enstriksyon ou yo.

A. Anyè Lopital – Eksepte pou pasyan k ap resevwa sèvis sante mantal, sof si w fè objeksyon, n ap mete sèten enfòmasyon limite sou ou nan anyè lopital la pandan w nan lopital la. Enfòmasyon sa a ka enkli non ou, kote ou ye nan lopital la, eta sante jeneral ou (pa egzansp, relativman bon, estab, elatriye), ak apatenans relijye ou. Yo ka pataje enfòmasyon anyè yo tou ak moun, tankou fanmi, zanmi, oswa klèje, ki mande pou yo wè w lè yo bay non konplè w. Konsa fanmi w, zanmi w ak klèje ka vizite w nan lopital la epi chèche konnen ki jan ou ye. Sepandan, pou pasyan k ap resevwa sèvis sante mantal, nou pa pral divilge lefèt ke pasyan an ap resevwa swen nan lopital la, sof si yon ofisyèl lopital detèmine ke kominikasyon enfòmasyon sa yo bay nenpòt nan moun ki annapre yo nan pi bon enterè pasyan an: (1) manm fanmi pasyan an; (2) avoka pasyan an; oswa (3) gadyen oswa mandatè pasyan an.

B. Moun ki Enplike nan Swen Ou oswa Fè Peman pou Swen Ou - Sòf si ou fè objeksyon alekri, nou ka divilge rezon pou admisyon ou a ak yon deskripsyon jeneral eta sante w bay yon lòt moun, tankou yon fanmi oswa yon zanmi, ki enplike nan swen ou. Oswa ki kontribye nan fè peman pou swen ou. Epi tou, nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo bay yon antite piblik oswa prive ki otorize pou ede nan efò sekou nan ka katastwòf epi pou kowòdone itilizasyon ak divilgasyon otorize yo bay fanmi oswa lòt moun ki enplike nan swen sante w. Nan ka kote ou pa prezan oswa ou pa kapab bay konsantman ou oswa fè objeksyon, pwofesyonèl swen sante yo pral itilize jijman pwofesyonèl yo pou detèmine si li nan pi bon enterè ou pou yo fè divilgasyon ke lalwa pèmèt.

Anba a, nou bay kèk egzanp sitiyasyon kote nou bezwen mande w anvan nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo.

C. Rechèch – Eksepte pou rechèch ki dekri nan Seksyon 3 Avi sa a, nou pa gendwa itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou rezon rechèch sof si ou otorize nou fè sa.

D. Nòt Sikoterapi oswa SUD yo - Anjeneral, nou p ap itilize oswa divilge nòt sikoterapi oswa SUD yo (nòt yon pwofesyonèl sante mantal oswa SUD anrejistre pou dokimante oswa analize konvèsasyon w ak/oswa fanmi w epi yo kenbe separeman de dosye medikal ou), sof si ou otorize nou fè sa. Sepandan, nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante pwoteje sa yo san otorizasyon w pou rezon sa yo: (1) pwofesyonèl swen sante ki te anrejistre enfòmasyon yo ka itilize yo pou trete w; (2) nan sitiyasyon limite, Brown University Health ka itilize oswa divilge enfòmasyon an anrapò ak fòmasyon sou konsèy sante mantal ki fèt nan Brown University Health; epi (3) Brown University Health ka itilize nòt sikoterapi yon pasyan pou defann tèt li kont nenpòt pwosedi legal yon pasyan inisye.

E. Maketing – Kominikasyon maketing yo se kominikasyon sou yon pwodwi oswa sèvis ki ankouraje w achte oswa itilize pwodwi oswa sèvis la. Nou dwe jwenn otorizasyon nan men w anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou rezon maketing, men gen de (2) eksepsyon. Premyèman, nou ka enfòme w sou pwodwi oswa sèvis yo pandan kominikasyon fasafas avèk ou san otorizasyon w, enkli ba ou materyèl ekri ki gen rapò a pwodwi oswa sèvis yo. Dezyèmman, nou kapab tou, san otorizasyon w, ba w kado pwomosyonèl ki gen valè nominal ki ankouraje w achte oswa itilize yon pwodwi oswa yon sèvis.

F. Vann Enfòmasyon sou Sante Pwoteje – Nou p ap vann enfòmasyon sou sante ki pwoteje w yo bay yon tyès pati san otorizasyon w alavans, epi otorizasyon an dwe endike ke nou pral resevwa konpansasyon an echanj pou divilgasyon enfòmasyon sou sante ki pwotejew yo.

5. Dwa Ou Yo Konsènan Enfòmasyon Medikal Ou

Ou gen dwa sa yo konsènan enfòmasyon sou sante pwoteje nou kenbe sou ou.

A. Dwa pou Mande Restriksyon - Ou gen dwa pou mande restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante pwoteje w yo pou tretman, peman ak jesyon swen sante. Nou pa oblije dakò ak demann ou a sof si w ap mande yon restriksyon sou divilgasyon nan yon plan sante pou rezon peman oswa jesyon swen sante, epi enfòmasyon sou sante pwoteje yo gen rapò ak yon atik oswa yon sèvis pou ke oumenm oswa yon lòt moun nan non ou, te pran tout responsablite finansye yo. Si nou dakò ak demann ou an pou restriksyon yo, nou dwe respekte restriksyon yo, eksepte nan sikonstans limite, tankou si gen yon ijans. Nan plizyè ka, mete restriksyon sou aksè yon moun k ap bay swen a enfòmasyon sou sante pwoteje pa nan pi bon enterè pasyan an epi li ka entèfere a jesyon Brown University Health. Pou rezon sa a, nan plizyè ka, Brown University Health pa pral dakò ak demann ou an.

Ou ka mande tou pou nou pa divilge okenn pati nan enfòmasyon sou sante pwoteje w yo bay manm fanmi oswa zanmi ki ka enplike nan swen ou, men nou pa oblije dakò ak demann ou an.

Pou mande restriksyon, ou dwe fè demann ou alekri bay **Ofisye anchaj Konfidansyalite Sante nan Brown University Health, 245 Chapman Street, Suite 200, Providence, RI 02905, oswa youn nan Ofisye anchaj Konfidansyalite ki Afilye yo nan adrès ki endike nan fen avi sa a.**

B. Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl – Nou pral akomode demann rezonab pou divilge enfòmasyon sou sante pwoteje ba ou nan yon nan yon adrès espesifik oswa nan yon fason espesifik. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte w nan travay ou, oswa nan yon adrès ki pa adrès lakay ou. Si sa posib, tanpri fè demann pou itilize lòt adrès lè ou te kontakte nou premye fwa oswa nan moman enskripsyon an. Sepandan, ou ka fè demann sa yo nenpòt lè apre sa. Demann pou itilize lòt mwayen kominikasyon apre premye kontak la oswa enskripsyon an ta dwe fèt alekri bay Ofisye anchaj Konfidansyalite nou yo nan adrès ki mansyone pi wo a.

C. Dwa pou Konsilte ak Jwenn Kopi – Ou gen dwa pou konsilte ak jwenn, alè, yon kopi enfòmasyon sou sante pwoteje w yo ke yo itilize pou pran desizyon sou swen ou, yo rele yon "ansanm dosye ki deziyen". Anjeneral, sa gen ladann dosye medikal ak bòdwo yo, men li pa gen nòt sikoterapi yo, enfòmasyon yo kolekte pou rezon rechèch yo, enfòmasyon ki konpile nan yon fason rezonab oswa itilize nan pwosedi legal, ak enfòmasyon sou sante pwoteje ki sijè a yon lwa ki entèdi aksè ou ladann.

Pou enspekte ak kopye enfòmasyon sou sante pwoteje w yo nan yon seri dosye ki deziyen, ou dwe soumèt demann ou alekri bay Ofisye anchaj Konfidansyalite nou an nan adrès ki anwo a oswa Ofisye anchaj Konfidansyalite ki Afilye a nan adrès ki endike nan fen Avi sa a. Si ou mande yon kopi enfòmasyon an, nou ka mande pou peye yon frè pou fè kopi a, pou voye li pa lapòs oswa pou lòt materyèl ki gen rapò

ak demann ou an. Si nou kenbe enfòmasyon sou sante pwoteje ou mande yo sou fòm elektwonik, ou gen dwa pou mande yon kopi enfòmasyon ou yo nan fòm elektwonik, epi n ap ba ou enfòmasyon yo nan fòm ou mande a, depi li fasil pou nou pwodwi l nan fòm sa a. Si enfòmasyon an pa fasil pou pwodwi nan fòm elektwonik ou mande a, n ap jwenn yon akò avèk ou sou yon lòt fòm elektwonik ki lizib. Nou p ap fè w peye plis pase pri rezonab nou yo pou travay nou fè ak materyèl nou itilize pou reponn a demann ou an pou jwenn yon kopi elektwonik enfòmasyon sou sante pwoteje w yo.

Nou ka refize demann ou pou enspekte epi resevwa yon kopi enfòmasyon sou sante pwoteje w yo nan sèten sikonstans ki trè limite. Si yo refize w aksè a enfòmasyon medikal ou yo, ou ka mande pou yon lòt pwofesyonèl swen sante nan Brown University Health revize refi a. Nan sèten sikonstans, sepandan, nou pa oblije fè revizyon sa a pou ou. Si nou aksepte demann ou an pou revize yon refi, nou pral konfòme nou ak rezilta revizyon sa a.

D. Dwa pou Modifye – Si ou santi enfòmasyon sou sante pwoteje nou genyen sou ou yo pa kòrèk oswa enkonplè, ou ka mande nou pou nou modifye enfòmasyon an. Ou gen dwa pou mande yon modifikasyon toutotan enfòmasyon yo konsève.

Pou mande yon modifikasyon, ou dwe fè demann ou alekri epi soumèt li bay Ofisyè anchaj Konfidansyalite nan Brown University Health oswa Ofisyè anchaj Konfidansyalite ki Afilye a Brown University Health nan adrès ki endike nan fen Avi sa a. Anplis de sa, ou dwe bay yon rezon ki sipòte demann ou an.

Nou ka refize demann ou an pou fè yon modifikasyon si li pa alekri oswa si li pa genyen yon rezon pou sipòte demann lan. Anplis de sa, nou ka refize demann ou an si ou mande nou pou nou modifye enfòmasyon ki:

- Pa t kreye pa noumenm, sof si moun oswa antite ki te kreye enfòmasyon an pa disponib ankò pou fè modifikasyon an;
- Pa fè pati de enfòmasyon sou sante pwoteje Brown University Health kenbe;
- Egzat e konplè.

E. Rapò sou Sèten Divilgasyon – Anjeneral, ou gen dwa pou resevwa yon rapò sou divilgasyon nou te fè sou enfòmasyon sante pwoteje w yo pou sis (6) ane anvan dat yo te mande rapò a. Sepandan, anpil eksepsyon aplike nan règ jeneral sa a. Pa egzanp, ou pa gen dwa pou resevwa yon rapò sou divilgasyon yo te fè : (1) pou tretman, peman, oswa jesyon swen sante; (2) pou oumenm oswa pou reprezantan pèsonèl ou; (3) ke ou te otorize alekri; (4) pou anyè lopital la ; (5) pou fanmi ak zanmi ki enplike nan swen ou oswa fè peman pou swen ou oswa pou kèk lòt rezon notifikasyon; (6) bay ofisyèl federal pou sekirite nasyonal oswa aktivite entelijans; (7) bay enstitisyon koreksyonèl oswa ajan fòs de lòd konsènan prizonnye yo; (8) nan yon seri done limite; oswa (9) ofisyèl responsab pou sipèvizyon sante nan sèten

sitiyasyon. Limit dwa w pou w mande yon rapò ka modifiye tanzantan pa chanjman nan lwa federal la. { 26 }

Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon espesifik sou divilgasyon sa yo pou ki ou gen dwa resevwa yon rapò . Dwa pou resevwa enfòmasyon sa yo sijè a sèten eksepsyon, restriksyon ak limit. Ou dwe soumèt demann ou a alekri swa bay Ofisye anchaj Konfidansyalite nan Brown University Health oswa Ofisye anchaj Konfidansyalite ki Afilye a Brown University Health ki konsène a nan adrès ki endike nan fen Avi sa a. Premye lis divilgasyon ou mande a nan yon peryòd 12 mwa ap gratis. Pou lis adisyonèl, nou ka fè w peye yon frè pou nou ba w lis sa yo.

F. Dwa pou Resevwa yon Kopi Enprime de Avi sa a – Ou gen dwa pou mande yon kopi enprime de Avi sa a nenpòt ki lè, menm si ou te dakò pou resevwa Avi sa a elektwonikman. Ou ka jwenn demann pou kopi enprime yo pandan w ap enskri nan yon afilye sante Brown University Health oswa ou ka mande, alekri, Ofisye anchaj Konfidansyalite nan Brown University Health oswa Ofisye anchaj Konfidansyalite ki Afilye a Brown University Health ki endike nan fen Avi sa a.

G. Dwa pou Resevwa Notifikasyon – Si nou detèmine ke yo te itilize oswa aksede a dosye medikal ou yo yon fason ki pa apwopriye, n ap mete w okouran de itilizasyon oswa aksè ki pa apwopriye a jan lalwa egzije sa.

H. PHI Ki Gen Rapò ak Swen Sante Repwodiktif. N ap pwoteje enfòmasyon sante pwoteje w yo ki gen rapò ak sèvis sante repwodiktif ou resevwa nan Brown University Health nan tout limit lalwa pèmèt. Pa egzanp, si w te resevwa sèvis sa yo nan Brown University Health (kote yo legal) men ou abite nan yon eta ki gen diferan lwa, Brown University Health ap mande, anvan divilgasyon an, sètifikasyon ke divilgasyon an pa lye ak yon envestigasyon kriminel, sivil oswa administratif ki gen rapò ak pwovizyon sèvis sa yo.

6. Minè ak Reprèzantan Pèsonèl yo

Nan pifò ka, paran, gadyen ak/oswa lòt moun ki gen responsabilite legal pou minè yo (timoun ki poko gen 18 lane) ka egzèse dwa ki dekri nan avi sa a nan non minè a. Sepandan, gen sitiyasyon kote minè yo ka egzèse dwa ki dekri nan Avi a.

7. Chanje Avi sa a

Nou rezève dwa pou chanje Avi sa a. Nou rezève dwa pou rann Avi ki revize oswa chanje a efikas pou enfòmasyon sou sante pwoteje nou deja genyen sou ou ansanm ak nenpòt enfòmasyon n ap resevwa alavni. Nou pral afiche yon kopi Avi sa a nan yon kote ki vizib nan chak etablisman ki afilye ak Brown University Health ak sou Entènèt la nan

<http://www.brownhealth.org/about/patient-privacy>

Dat efektif la pral enprime nan premye paj Avi a nan kwen anlè adwat la

Ou ta dwe sonje tou ke nan ka Brown University Health oswa youn nan afilye li yo vann oswa fizyone ak yon lòt òganizasyon, enfòmasyon sou sante w/dosye medikal ou yo pral vin pwopriyete nouvo pwopriyete a.

8. Plent/Rekèt Enfòmasyon

Si ou kwè yo te vyole dwa konfidansyalite ou, ou ka depoze yon plent bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen, Hubert H. Humphrey Building, 200 Independence Avenue, SW, Washington, DC 20201. Ou ka pote yon plent tou bay Ofisye anchaj Konfidansyalite Sante nan Brown University Health nan adrès ak nimewo telefòn ki anba a.

Ofisye anchaj Konfidansyalite Sante nan Brown University Health
245 Chapman Street, Suite 200
Providence, RI 02905

401-444-4728 or privacyofficer@brownhealth.org

Yo p ap penalize w si w depoze yon plent, ni yo p ap mande w pou w renonse dwa w kòm yon kondisyon pou jwenn tretman.

Nou rekonèt ke pasyan nou yo ka gen kesyon sou, oswa ka vle fè ankèt sou, enfòmasyon sou sante pwoteje yo, avi sa a oswa pratik konfidansyalite nou yo. Brown University Health te nonmen Ofisye anchaj Konfidansyalite ki Afilye ak Brown University Health, k ap travay kole kole ak Biwo Konfidansyalite Brown University Health. Ofisye anchaj Konfidansyalite ki Afilye ak Brown University Health, k ap travay prensipalman nan domèn Sèvis Enfòmasyon sou Sante, disponib pou reponn kesyon ak demann ou yo epi ou ka kontakte yo nan adrès ak nimewo telefòn ki endike nan paj ki apre a.

Enfòmasyon pou Kontakte Ofisye anchaj Konfidansyalite ki Afilye yo

Rhode Island Hospital
Health Information Services
Affiliate Privacy Officer
593 Eddy Street
Providence, RI 02903
401-444-4560

The Miriam Hospital
Brown Health Medical Group
Brown Health Medical Group - MA
Health Information Services
Affiliate Privacy Officer
164 Summit Avenue
Providence, RI 02906
401-793-2910

Newport Hospital
Affiliate Privacy Officer
11 Friendship Street
Newport, RI 02840
401-845-1152

Emma Pendleton Bradley Hospital
Affiliate Privacy Officer
1011 Veterans Memorial Parkway
East Providence, RI 02915
401-432-1129

Gateway Healthcare, Inc./The Autism Project
Affiliate Privacy Officer
1 Virginia Avenue, Suite 200
Providence, RI 02905
401-667-6557

Brown Health Medical Group Primary Care
Affiliate Privacy Officer
10 Davol Square, Suite 300
Providence, RI 02903
401-421-4000

Saint Anne's Hospital
Affiliate Privacy Officer
795 Middle Street
Fall River, MA 02721
508-674-5600

Morton Hospital
Affiliate Privacy Officer
88 Washington Street
Taunton, MA 02780
508-828-7000